Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 31 (9825) 12 август 2019 с. / Итни 11 Зуль-х1иджа 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




**Курбан - Байрам, символизирующий торжество духа и нравственную чистоту, воплощает в себе благородные идеалы ислама - веротерпимость, любовь к ближнему, заботу и милосердие ко всем. Самопожертвование, добро и справедливость находят отклик в сердцах всех мусульман. Пусть высокие гуманистические ценности ислама и впредь служат укреплению духовности, взаимопонимания, единства и согласия между нашими народами, способствуют сохранению мира и согласия в обществе.**

## Поздравляем!

### *Уважаемые жители района!*

Поздравляем вас с праздником Курбан-Байрам! В этот праздник желаем всем вам доброго здоровья, счастья и достатка в семьях, благополучия, успехов во всех ваших добрых начинаниях и делах.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов**

Поздравляю вас со священным праздником Курбан - Байрам! От всей души желаю вам счастливой и благополучной жизни, пусть все ваши молитвы будут услышаны, а наградой за милосердие, самоотверженность станут крепкое здоровье и достаток в доме.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.). Д. Умаханов**

Пусть в этот священный праздник в ваших душах будет радость, свет и чистота. Желаем, чтобы Аллах никогда не оставил вас, помогал идти в жизни правильными дорогами, указывал на верные решения и давал мудрости вашим поступкам. Да прибудет с Вами милость Всевышнего!

**Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д. Г. Махачев.**

### *Диналъул вацал ва яцал!*

Рак1-рак1алъ баркула нужеда бусурбабазул бищунго къиматал байрамаздасан цояб-Къурбан къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб ва ракълилаб г1умру. Аллагьас къабул гьареги нилъеца гьабураб г1ибадатги къураб садакъаги.

**Районалъул имамзабазул Советалъул председатель Ш. Темирбулатов.**

### *Х1урматиял районцоял!*

Баркула нуж киназдаго Къурбан-Байрам! Гьарула нужее сахлъи,рохел,талих1 ва гьарулел лъик1ал ишазулъ бит1ккей. Аллагьас къабул гьареги нужер г1ибадатгун садакъа.

**Жамг1ияб палатаялъул председатель Х1.Адимирзаев**
**Рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х. Мух1амадх1абибов.**
**Ригь аразул Советалъул председатель М. Чупалаев**




Ежегодно, во вторую субботу августа, в России отмечается день физкультурника. Он отмечается в нашей стране с 1939 года. Это праздник всех тех, кто любит спорт-вне зависимости от профессии и возраста

## Поздравляем!

Уважаемые любители физкультуры и спорта! Спорт-это залог здоровья, силы дисциплинированности и красоты. Именно вы, дорогие физкультурники, являетесь проводниками физической культуры между простыми людьми и спортом. Желаем вам силы и терпения, достижений и побед, благодарности и признания. Пусть ваше здоровое тело не покидает не менее здоровый дух.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

*Политика*

## *На аппаратном совещании...*



6 августа в райадминистрации состоялось очередное аппаратное совещание, на котором присутствовали заместители главы администрации МР, начальники отделов, руководители учреждений и организаций, главы сельских поселений.

С докладом о ходе проведения инвентаризации объектов газораспределительных сетей, расположенных на территории муниципального района, о состоянии дел по оформлению прав собственности на бесхозные газовые сети и проведении государственной кадастровой оценки земельных участков, а также объектов капитального строительства в районе выступил начальник отдела по управлению муниципальным имуществом и земельным отношениям М.Э.Эмеев.

О состоянии и ходе заполнения Федеральной адресной системы (ФИАС) в районе отчитался начальник отдела архитектуры, градостроительства и ЖКХ Г.К.Хадаев, о ходе поступления налогов и сборов в консолидированный бюджет МР «**Казбековский район**», по состоянию на 01.08.2019 года, выступил ведущий специалист отдела экономики, прогнозирования и оргвопросам Ш.А.Мусалаев.

По всем указанным вопросам были приняты соответствующие решения.

*А.Дибирова.*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Инсан ва г1умру*

# *Рамиз ХIамзатовасул хIурматалда...*



7 августалда Калининаул росулъ тIобитIана, эркенаб гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун вахъарав гIолилав, Алмахъ росулъа Рамиз ХIамзатовасул хIурматалда, рохалилаб данделъи.

Гьенир хIурматиял гьалбаллъун рукIана-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ. Гъирисханов, районалъул имамзабазул Советалъул председатель Ш. Темирбулатов, Хасавюрт шагьаралъул администрациялъул, Алмахъ, Калининаул, Ленинаул росабазул жамагIатазул вакилзаби,жамгIиял гIуцIабазул церехъаби, Рамизил гIагабожарал, гьудул-гьалмагъзаби ва Ставрополалда гьесул йикIарай тарбиячIужу Карина Шадоян.

Гьенир кIалъазе рахъарал - Алмахъ росдал администрациялъул бетIер МикагIил Салгереевас, ХI.Мусаевас, Гъ.Гъирисхановас, Халкъияв бахIарчи Зайбодин ГIумаровас, эркенаб гугариялъул халкъалдагьоркьосеб даражаялъул судья ХIамзат ГIабасовас, тренер Шима Шимаевас ва цогодазги чемпионасда баркана бергьенлъи, гьарана гьесие рохел,талихI, сахлъи ва жеги тIадегIанал бергьенлъаби.




Алмахъ росдал администрациялъул рахъалдасан, спортсменал: Зайнодин Сайпудинов, Шамиль Навурбиев ва ХIажимурад МусалмухIамадов гьенир кIодо гьаруна гIарцулал шапакъатаздалъун, Рамизие абуни, алмахъазул жамагIаталъ - автомашина кьуна, районалъул администрациялъ- ХIурматалъул грамотагун гIарцулаб шапакъат.

Халкъияв бахIарчи Зайбодин Г1умаровас Рамизил эбел Маржанатихъе кьуна Рамиз чемпионлъун вахъин тасдикъ гьабураб,медаль.

ООО **«Нижер рукъ»** гIуцIиялъул рахъалдасан, Х1. ХIажимухIамадовас Рамизил тарбиячIужуялъеги къиматаб сайгъат кьуна.

Данделъи тIобитIиялъе квербакъана -Алмахъ росдал администрациялъ, Калининаул, Ленинаул росабазул жамгIиял хIаракатчагIаз, активистаз ва **«Казбекалъул гIолилал»** гIуцIиялъул церехъабаз.

Гьенив кIалъазе вахъарав Рамизил кIудадаца ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб данделъи гIуцIаразегун гьалбазе.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз лъикIаб къимат кьуна халкъияб театралъул хIалтIухъан МухIамад Дудуевасул цевевахъиналъе. Гьес гьенир рикIкIана **«МагIарул мацI»** ва **«Магъази»** абурал кучIдул.

*М.ГI. ЧУПАЛАЕВ.*

# *Босе гъаздасан мисал*

Г1адамазул рук1а - рахъин лъик1лъизабиялда сверухъ г1езег1анго х1алт1и гьабулеб буго, росдал администрациялъул бет1ерлъиялда, Калининаул росулъ. Гьелъул х1акъалъулъ цо чанго нухалда **«Чапар»** газеталда хъванги бук1ана. Росдал социалиябгун экономикияб рахъ цебет1езабиялда цадахъго, гьениб унеб буго хасал г1адамазе (инвалидал, херал, балагьизе чи гьеч1ел ва гь.ц.) гурх1ел - рах1муялъулаб кумек гьабиги.

Кумекалъул х1алт1аби гьариялъулъ жигараб г1ахьаллъи гьабула росдал г1олохъабаз. Гьединал х1алт1абазул цояблъун ккана, **«Лъик1лъи буго»** абураб ц1аралда гъоркь, дагьал цереr1ан къояз т1обит1араб х1алт1иги.

Росдал администрациялъул бет1ер Х1.Х1ажиевасухъе хабар щун буго цо пуланай г1адан къварилъиялде ккун йигин, ай, щег1 т1ад лъураб цебесебго гьелъул минаялъул т1ох ц1акъ басралъун бугин ва ц1ад балеб заманалда гьеб г1екколин. Нахъбахъич1ого, цадахъ х1алт1ухъабигун, Х1ажи гьениве щун вуго ва хал гьабун хадуб, гьезул къот1и ккун буго т1ох т1убанго хисизе. Гьоркьоб заман инелде, росдал администрациялъ гьенибе щвезабуна т1ох хисиялъе х1ажатабщинаб т1аг1ел. (шифер,



чатилал, хъарщи в гь.ц.) ва цо къоялда жаниб гьениб ц1ияб т1ох лъуна. Гьеб х1алт1улъ г1ахьаллъаразул сиях1 халатаб буго, гьелъ гьезул ц1арал гьанир рехсолелги гьеч1о.

Амма абич1ого г1оларо, участковияв инспекторасдасан байбихьун, гьениб къогоялде г1агарараб къадар г1олохъабазул бук1анин. Рукъалъул бет1ергьаналда щибниги ургъел ккезе теч1ого, х1атта квен- т1ехалъулцин,г1олохъабаз иш бет1ералде бахъинабун бугоан.

Рехсарай г1адангун ккараб гарач1вариялда гьелъ абуна: «**Дида рак1алдецин ккун бук1инч1о дир къварилъи бихьулев чи ватилин. Цадахъ чаг1игун, Х1. Х1ажиев дихъе щведал ва гьес жалго рач1иналъе г1илла бициндал, г1одизе бач1ун, дида к1алъазецин к1олеб бук1инч1о, гьез бицунелда божизеги бач1унеб бук1инч1о, амма хадусеб къоялъго абухъе, дир сверуде т1аг1ел бач1араб заманалда бич1 ч1ана росдал бет1ер ишалъулав чи вук1ин, гьес кьураб раг1иги кколеб бук1ин. Г1олохъабаз, цо къоялда жаниб, хисана т1ох, т1аса босана дир ургъел. Дун зама - заманалда ялагьула т1охихъ, гьеб макьилъ бихьулебцин гуродаян. Дир йохиялъе г1орхъи гьеч1о.**

**Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, дие х1алае рахъарал т1олазего рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе. Гьаризе гьезие щулияб сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талих1 ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.**

**Дун гьез г1адин, Аллагьас гьелги рохизареги»**,-ян.

*М.-Ш. Г1АБДУЛАШИМОВ.*

*Ополчениялъе - 20 сон*

**(Байбихьи - цебесеб номералда)**

# *Къо ккедал гъал къуркъичIо*

Чечняялда букIараб ахIвал-хIал,кинабго лъачIониги, Алмахъ, Калининаул ва Ленинаул росабазул гIадамазда лъалаан. Гьезда лъикI бичIчIунеб букIана, ахир-къадги, халкъалдагьоркьосел боевиказ жидер ракьазде рачIине хIаракат бахъизе букIин. Гьел росабазул хъаравулзабазда, чанахъабазда ва гIадатиял гIадамазда бакI-бакIазда яргъидгIуцIарал рихьулаан,гьел гьезда дандчIвалаан, рагьараб тунка-хIуси ккечIониги,лъикIаб гьоркьоблъи букIине гьечIеблъиги гьезда бичIчIунаан.Боевикал хадур чIун рукIана милициялъул хIалтIухъабазда,ккана цо чанго хIужа гьел гьоркьлъалие боевиказ рачиналъулги. Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, гIадамаз,бажарарас бажарараб къагIидаялда, ярагъ босулеб букIана. Рехсарал росабазул жамагIатаз цо чанго нухалда тIалъиялде хитIаб гьабуна,гIорхъода бугеб ахIвал-хIалалъулги бицун, гIадамахъе ярагъ кьейилан,амма гьеб гьезда рагIунеб букIинчIо.

Лъалеб букIахъе,1999 соналъул 2-3 августалда ЦIумада ва 7 августалда Болъихъ районазул росабалъе боевикал рачIун хадусан, республикаялъе нухмалъулезда бичIчIана иш кибе кколеб бугебали.

Пачалихъияб Советалъ,9 августалда бахъараб хIукмуялда (№138) рекъон, республикаялда гIуцIана хасаб комиссия. Гьеб комиссиялъул щивав членасда цебе лъун букIана жинди-жиндие масъалаги. Пачалихъияб Советалъул хIукму кьочIоеги босун, нилъер районалъулгун росабазул администрациябазги хIукмаби рахъана.




КъотIи гьабун букIана, хехгьабун, ополченцазул отрядал гIуцIизе, гьезие нухмалъулел рихьизаризе ва гьезда цере чIванкъотIарал масъалаби лъезе.

Къокъаб заманалда гIуцIана ополчение. Гьелъулъ рукIана, пенсионераздаса байбихьун ва чIахIиял классазул цIалдохъабазде гIунтIун, гIадамал. Гьезие кьун рукIана жидер соназда рекъарал тIадкъаялги. Ополчениялъул отрядалъул командирлъун тIамун вукIана участковыяв инспектор, милициялъул лейтенант Нурудин Нуридинов. Хадусан гьев хисана рагъулаб хъулухъалдаса гIодов чIарав подполковник Надирбег Зулуевас, гьев- гьал мухъазул авторас. Гьединго, гIуцIана рагъулаб штаб (начальникал: 1.Шайид Ачабаев 2.ГIабдулгъапур Батильгереев, 3.Шиябодин ГIабдулмуслимов ва рагъулаб Совет (гьелде гьоркьоре унаан - ополчениялъул командир, штабалъул начальник ва ротабазул командирзаби).

Узухъда, гьелдалъун гьабулеб хIалтIи лъугIинчIо. Росдада сверун ва бакI-бакIазда рухъана хандакъал, цоцаз хисун, гьенир чIезарун рукIана балъгоял постал ва гь.ц. ЦIияблак районалде боевикал лъугьанин рагIарабго, бичIчIана нилъер ракьалде рачIине гьез хIаракат бахъизе букIинги. Гьедин ккезеги ккана. Къасиялдаса радалиде, боевиказ Калининаул, Ленинаул росабазул гIорхъода рухъун ругоан хандакъал ва гьел хIадурго чIун рукIуна росабалъе лъугьине. Хадусан ккараб нилъеда лъала. Ополченцаз ва милициялъул хIалтIухъабаз жидеда гьабураб дандечIеялъ боевиказда бихьизабуна, чIаго рукIаго, жал росабалъе лъугьине гьез тезе гьечIеблъи ва гьел нахъе къана. Гьениб ккараб тунка-хIусиялъулъ, гьай-гьай, ккана лъукъиялгун камиялги.

Дол соназ гьанире рачIарал рагъулал частазул командирзабазда бичIчIана Дагъистаналъул халкъ армиягун букIин. Гьеб бихьулеб букIана бакIалъул гIадамаз рагъухъабазе гьабулеб кумекалъулъ. Дол хIалуцарал къояз гьез бихьизабуна, тIаде къо ккараб заманалда, рехсарал росабазул жамагIатазул гъунки, бахIарчилъи ва сахаватлъи. ГIадамал хIадур рукIана, техника бугездасан байбихьун, хIажаталъуре ине ва, сундухъго балагьичIого, тIадкъаял тIуразе. ГIадада гуреб умумуз абулеб букIараб **«Балагьалъ цолъи зарула гIадамал»,**-ан.

ЧIахIияздаса нахъе ккун чIечIо гIолилал,херал ва руччаби. Тунка-хIусиязулъ лъукъаразе медицинаялъулаб кумек гьабуна медсестраби: Мария ГIабдуразакъовалъ, Раипат Билаловалъ, Айгьанат Висаитовалъ, ПатIимат Камучовалъ ва Зумрут ГIумаровалъ.

*Гъ.ГЪАЙИРБИЕВ, Калининаул росу.*

*Имам Шамиль гьавуралдаса - 222 сон*

# *Имам Шамилил рагъул сухъмахъаздасан...*



Гьединаб цIаралда гьоркь,1-4 августалда тIобитIана,АхIул гохIда букIараб рагъалъе 180 сон тIубаялда хурхинабураб,экспедиция (сапар).

Гьеб сапаралда гIахьаллъана-З.Н.Эмеев(районалъул бетIерасул заместитель,экспедициялъе нухмалъулев), Ханжан Къурбанов (**«ННТ»**телевидениялъул вакил), Мурад ХIайдарбеков (гIолилазда гьоркьор ишал тIоритIиялъул министерствоялъул вакил), Камиль Дадаев (Марва туралъул, туризмалъул **«Этно»** г1уц1иялъе нухмалъулев), Шарудин МухIамадгIалиев (запасалъул полковник, Брянск областалъул,хасаб **«Торнадо»** подразделениялъул вукIарав командир, Дада ХIажиев (Афгъанистаналъул рагъул гIахьалчи), МухIамад МухIамадов (**«Рагъулаб вацлъи»** жамгIияб гIуцIиялъул вакил),МухIамад-апанди Дадаев (РДялъул гIагараб рakь лъазабулезулгун ралагьиялъул Союзалъул вакил) ва Григорий Пожеланов (виртуалияб туризм гIуцIарав,РФялъул географиялъул гIуцIиялъул член, Санкт-Петербург).

Гьединго, гьеб сапаралда гIахьаллъана диниял церехъаби: М-а. ИнагIабасов, А.Ашдаев ва жидее туризм бокьулел - К.Керимов, ХI. ГIабдулаев ва С. МухIамадов.

Гьеб къокъаялъул маршрут: **«Дилим-Буртунай-Алмахъ- ХIариб-Данухъ-Аргъвани-ЧIиркъатIа-ГIашильтIа - АхIул гохI-Генуб-ЧIикIаб-Дилим».**

Кинабниги нахъа тезе кколаан 300-ялде гIагарун километр (250 км.-машинабазда,25 км.-лъелго).

Экспедиция гIуцIиялъул мурадлъун букIана-Кавказалъул рагъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ ракIалдещвеял абадияллъун гьари, **«Шамилил рагъул сухъмахъаздасан»** тематикаялда рекъон,туристазулабгун гIагараб рakь лъазабиялъул цIияб маршрут ч1езаби, гIолеб гIел куцаялъе росабазул тарихазул цIех-рех гьаби, росабазда гьоркьор гьудул-гьалмагълъиялъул бухьенал щула гьари, тарихалъулгун культураялъул ва тIабигIаталъул памятникал лъазари.

**ЦIалдолезе баяналъе:**

АхIул гохIда рагъ ккараб заманалда (1839 соналъул июнь-август) имамасе кумекалъе (гьеб букIана гьесие щвараб ахирисеб кумек) уна Салатавиялдаса 100 гIолилав. ГIурусазул лъабго гIорхъиги бахун, ярагъгун ва квен-тIехгун гьел АхIул гохIде рорчIула ва абадиялъ гьенирго хутIула.

# *КватIун кканиги,..*

Дун йиго ригь арай, гIумру бихьарай, Калининаул росулъа ГIабидат ГIабдуразакъова. Дида ракIалде ккола нилъер лъималазул (рукъ тун къватIибехун) кколебщинаб нилъеда тIубанго лъалеб букIарабани, нилъ гьаглъилел рукIун ратилин. Жидерго магIишаталде руссараб заманалдаги унаро нилъеда тIаса гьезул ургъел. Гьедин букIиналъ гьез, нилъ ургъаликье ккунгутIи мурадалда, гIезегIанго ккара -тараб нилъедасаги бахчула. Бахчани щиб, хьотIолъ бахчун варани хIебтIуларин абухъего, ахир-къадги гьеб тIатинчIогоги хутIуларо. Гьедин ккана нижер хъизаналдаги.

ГIезегIанго заман ун букIун буго гьеб лъугьа- бахъин ккаралдаса. Дир вас ГIали ГIабдуразакъовасда найица горбода хеч бан буго. Гьесда бичIчIуна хIухьел цIазе захIмалъулеб букIин, хехгьабун, гьес машина бачуна полициялъул хIалтIухъабазде асклобе (гьел ккола-Батыр ГIазизов, Юсуп Сусурбиев ва АсхIаб Адуев) ва, гьезие ккарабги бицун, гьев гIакълуялдаса уна. Батыр Г1азизовас Г1али больницаялде щвезавула. Гьес гьениб ккараб бицуна ва, ГIали гIакълуялде вачIинавизегIан, гьениса нахъе унаро.

ГIалие хехаб кумек гьабиялъулъ жигарчилъи бихьизабун буго тохтурзаби: Юнус Адачовас ва М-расул Салмановас, медсестраби: Зульфия Увайсовалъ ва Марьям ХIажимухIамадовалъ.

Бокьун буго, кватIун кканиги,гьел лъикIал гIадамазе ракI-ракIалъу лаб баркала загьир гьабизе. Гьаризе гьезие щулияб сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI ва гьабулебщиналъулъ битIккей.

*ГIабидат ГIАБДУРАЗАКЪОВА, Калининаул росу.*

# Бегъуларо к1очон тезе

*Дол рагъул соназул ракIалдещвеял,*
*Замана анагIан цIилъула дие,*
*Гьансито цIорораб,цIетIа хьаг гьечIеб,*
*Ракъиги захIматги хIехьезе ккараб.*



Гьединал,рекIелъе роргулел рагIабаздалъун байбихьана Асият Идрисовалъ жиндирго хабар.ЗахIматалъул ветеран, хIалхьиялда йигей мугIалим, бажари бугей шагIир, гьей лъаларев, рагIинчIев чи ватиларин ккола дида. Гьелда абула кIиго росдал ясилан. Гьединаб цIаралъе Асият мустахIикъайги йиго. Гьелъул лъимерлъиги, гIолохъанлъиги,хIалтIулел соналги ана Хубар ва ИчкIа росабалъ. Лъебералда лъабго соналъ къуна гьелъ цIалдохъабазе дарсал. Тарбиягун лъай кьолаго, гьелъ хIаракат бахъулаан гIун бачIунеб гIел, росу-ракь, миллат, ВатIан бокьулеблъун, гIаданлъи, яхI-намус бугеблъун куцазе.

Асиятил рукIарал цIалдохъаби лъугьана умумуллъунги кIудиял умумуллъунги. Гьел рахъана тохтурзабилъун, мугIалимзабилъун, гьединго, батIи - батIиял махщелазул бетIергьабилъун. МугIалималъул жидедего букIараб божилъи гьез ритIухъ гьабуна.

Асиятил жиндирго лъимерлъи букIана рохел дагьаб, бесдаллъиялъул кьогIлъи къулчIизе ккараб. Рагъул ва рагъдаса хадусел сонал рукIана гIумру гьабиялъе захIматал, ракъарал, язихъал.

Асиятица бицана: «**Нижерги букIана бекьулеб хур. ТIад лъурал налогал рецIун хадуб, кваназе гIураб нахъе хутIулароан. Гьедин букIаниги, эбелалъ ниж куцалаан сабруялда рукIине, захIмалъаби хIехьезе, бугелъул къимат гьабизе.**

**Хъизаналда рукIана дидаса гьитIинал вацги кIиго яцги. Дида бичIчIунаан, цохIо эбелалъул кверазухъ балагьун чIечIого, рухI хвасарлъиялъе хIалтIизе, кваназе жо балагьизе кколеблъи.**

**Эбел колхозалъул хурзабахъе ролъ лъилъизе, гулал къазе унаан. Дунги, росдал лъималго гIадин, тIор бищизе унаан. Цо нухалъ дица бригадирасда абуна жакъа бакIарараб тIор дие тезе бегьуларищан. Гьев вукIана лъикIав чи. Гьес абуна, лъидаго бихьизе течIого, босейилан. Дица, цо рахъалдеги лъугьун, ролъул тIорал кIвекIана ва гьелъулункъо банка бахъана.**

**ЦIулал магъалда гьоркьоб гьебги бахчун, рукъое гIедегIана. Гьелъул гьабураб ярмаялъул хинкIал нижее гIуна ункъо ригьалъ кваназе.**

**Гьединабго къисмат букIана росдал анцI-анцI лъималазулги. Доб заманалда лъимал умумухъ гIенеккулел, гIадлу-низам бугел рук1ана. Дида ракIалде ккола язихълъиялъги ракъиялъги ратилин гьел гIумру бичIчIараллъун лъугьаралан.**

**Абизе бегьула доб заман захIматаб букIанин, гьелъ цоцазде гIагарги гьарулел рукIанин. БитIараб буго, гIадамал рукIана къо хIехьолел, цоцалъ гъунки бугел, кинал захIмалъаби данд чIваниги, нахъе къаларел.**

**Дир гIумруялъул сухъмахъалги гIемерисезул гIадинал рукIана. Гьанже гIадамазе гIезегIанал гIатIилъабигун эркенлъаби щун руго. Амма цебесеб кIочене тезе бегъуларо, гьеб мисаллъун хутIизе ккола нилъер наслабазе**»,-ян.

Асият жийгоги йиго гьудул-гьулмагъзаби гIемерай, пикру роцIарай, калам гIужилай ва ритIухълъи бокьулей гIадан.

ГIумрудул сонал гIедегIун уна. Гьанже гьей кIиявго васасулги гьезул хъизан-лъималазулги тIалаб-агъазалда ва хIалхьиялда йиго.

*ХI. КАРИМОВА.*

# ТIоцеесей мугIалим



Лъимерлъи, школа, тIоцересел-цIумур, дарс ва мугIалим. Гьеб тIолабго цебего нахъа таниги, тIоцевесев мугIалим рекIелъа унаро, гIемер цере тIамула, гIагараллъун лъугьарал, гьесул гьаракьгун сипат. Гьес нилъер рекIелъ хасаб бакI ккунги букIуна. Узухъда, дир рекIелъ бакI ккун буго дир тIоцеесей мугIалим Хамиз МухIамадовалъ. Гьелъул хIакъалъулъ хъвазе рес щвеялдаса дун ц1акъ йохарайги йиго.

Хамиз гьаюна Мияткьо росулъ ГIабдулкъадирилги Дайгьантилги хъизаналда. Хамизил эмен вукIан махщел бугев маххул къебед. Росуцоязе гьес гьарулаан хIажатал тIагIелал. Колхозалъул председателасул гьариялда рекъон, ГIабдулкъадир Гъозтала росулъе гочуна. Гьесие кьола рукъ, лъади лъугьуна фермаялде хIалтIизе.

Дайгьанатил кIудияй яс ПатIиматица лъугIизабуна Буйнахъскиялъул педучилище. МугIалимлъун хIалтIана Мияткьо, ИчкIа ва Гъозтала росабалъ. Дол соназ мугIалимзаби дагьал рукIана. Хамизиги йитIула яц цIалараб педучилищеялде. Дагьал церегIан къояз росулъе ячIарай Хамизилгун дандчIвай гьабизе дие рес щвана.

Гьелъ бицана:

- ВатIанияб рагъ байбихьизегIан г1адамазул гIезегIанго лъикIаб яшав букIана. ВатIан цIунизе ана росдал бихьинал, хутIана-херал, руччаби ва лъимал. Нижер кIигъуждузда беганин абизе бегьула магIишат. Росулъ хутIарал бихьиналгун руччаби Терекалде каналал рухъизе ритIана. Ракъунги цIоронги гьенир хвелал ккана. Дол заманалда ГIакъуба бихьана гIадамазда. Язихъаб заман букIаниги, гIадамазул цоцалъ гьуинлъи ва лъик1ал бухьенал рук1ана, цоцазе кумек гьабиги г1адатаб ишлъун бук1ана. Нижер эмен рагъдаса унтун тIадвуссана ва кватIичIого гIумруялдаса ватIалъана. Дир инсул Буртунай росулъ гьобол (Г1али) вукIана. Цо нухалда гьесул яс ячIана, хъархъидаги лъун, нижее картошкадул таргьаги хадуб ц1ан. Язихъал нижее гьеб букIана кIудияб кумек. Гьединго, Гуни росулъги вук1ана нижер гьобол (Шираздин). Гьесул лъади ГунайзатIица хъвазе цIализе малъулаан. (Доб заманалда хъвай- хъвавлъе латин хIарпал хIалтIизарулаан). Жиндиего щвараб гьелъ нижее босун бач1унаан. Гьезул кумекалдалъун, нижер хъизан ракъи-къечалдаса борчIана. Дун мугIалимлъун хIалтIана 25 соналъ, гьелда цадахъго, росдал руччабазул Советалъул председательлъиги гьабуна.

Нижее бижана щуго лъимер. Рос колхозалда бригадирлъун хIалтIулев вукIана. Къисматалъ ниж Волгодонск шагьаралде рачана. Гьениб рес букIана боцIи хьихьизе, яшав цебетIезабизе. РакIалдаго гьечIого, нижее ккана кIудияб ками. Автоавариялъул хIасиналда гIумруялдаса ватIалъана нижер вас,щуго лъимадул эмен. Гьелдаса хадуб дир росги хвана. Киналъулго ургъел диде тIад бегана. Бихьаралъулги хIехьезе ккаралъулги бицине заман гIеларо, дир ясан лъугIизабуна Хамизица жиндирго пашманаб хабар.

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

Авар асарал

# ЦIияб тIехь






Гьал къоязда Калининаул росдал басмаханаялъ къватIибе биччана нилъер районалъул Гъозтала росулъа Эсентаева Айбикал **«Дие бокьун буго баркала кьезе...»**- абураб гьитIинабго тIехь.

Гьеб тIехьалда Айбикаца ракIалде щвезабулеб буго жиндирго букIараб гIумру, бихьараб захIмат, щвечIеб рахIат.

**«ГьитIинай художница»,**
**«Дица как балеб буго»,**
**«Огь,эбелалъул ракI»,**
**«Салатавиялъул мугIрузде гIазу»,**
**«ГIумру ина буго хIакъикьа хIинкъун»,**- абурал цIаразда гъоркь, гьелъ гъваридаб магIнаялда, цIалдолезе асар гьабулеб къагIидаялда рагьулел руго жиндирго пикраби.

Бицунеб буго рукIарал анищазул ва ккарал хIасилазул. КочIол мухъаздалъунги хабаралдалъунги гьелъ тIадегIанаб къимат кьолеб буго эбелалъе. Гьелъул хIалимлъиялъе, хIеренлъиялъе, гурхIел цIикIкIараб хьвада-чIвадиялъе, кIиго батIиял мугIалимзабазе- цоял жал ритIухъал, лъимал рокьулел, цогидал къадарал яхI чорхолъ гьечIел.

Гьединго, гьудул-гьалмагълъиялъеги авторалъ кьолеб буго ритIаразе битIараб, тIекъазе къадараб къимат. Загьир гьабулеб буго тIабигIаталде жиндирго бугеб рокьи, гьелъул гьайбатлъиялъе кьолеб буго тIадегIанаб къимат.

**«Гьаб нилъее кьураб**
**дуниялалъул,**
**ХIикмалъи бихьизе**
**лъикIго хал гьабе.**
**Рогьалилъ рахъани**
**бацIцIадаб гьава,**
**Бакъухъ балагьани- беразе канлъи»,**-ян хъвалеб буго Айбикаца, жиндирго коч1олъ.

Руго авторалъул Аллагьасде, Гьесул хIалкIолъиялде абулел мухъалги:

**Кье, Аллагь, БетIергьан,**
**дие насихIат,**
**Нечон йигониги дуде**
**гьардезе.**
**ХIалада чIолареб гьаб**
**дир рекIее,**
**ГIадлу гьабун дида**
**бажаруларин.**
**Кье,Аллагь,дий къуват,**
**кье дие сабру,**
**Дур сабаб камураб кибго**
**иш гьечIин.**

Айбикаца жиндирго гьит1инаб т1ехь бикьун буго кIиго бутIаялде, шигIриял асаразде ва кIалзул каламалде. Абизе бегьула гьеб кIиябго рахъ гьелъие мукIурлъунги бугилан, ай, къун цIун нахъе рехизе бегьулеб жоги гьениб гьечIилан.

*М.ГI. ЧУПАЛАЕВ.*

# Редакциялда гьоболлъухъ...

Гьал къоязда редакциялде гьоболлъухъ щвана Дилималда бугеб Россельхозбанкалъул филиалалъул х1алт1ухъаби: Мубират Иманшапиева ва Марьям Мух1удинова.

Гьез бицана банкалъ кредитал кьеялъулъ ругел хаслъабазул.

**Масала:** пенсионеразе къарзалъ г1арац кьеялъул, нилъеца нилъерго г1умру, автомашинаби, мина-свери ва гь.ц. нагагьал балагьаздаса ц1униялъе гьаризе кколел тадбиразул, налъаби т1адруссинариялъул къаг1идабазул ва, цереялде данде ккун, ругел бигьалъабазул.

Гьелъул х1акъалъулъ т1убараб баян гъоркьехун кьолеб буго.

Кредит «Пенсионный»
Процентные ставки, годовых в рублях

| Сумма/срок кредита | | |
|---|---|---|
| | до 300 тыс. рублей (вкл.) | |
| | до 12 мес. (вкл.) | свыше 12 и до 60 мес. (вкл) |
| Клиенты, перечисляющие пенсию на счет в Банке | 11,00% | 13,00% |
| | свыше 300 тыс. рублей | |
| Клиенты, перечисляющие пенсию на счет в Банке | 10,00% | 11,00% |

**Надбавки к процентным ставкам:**

**+4,50%** в случае отказа заемщика и/или солидарных заемщиков, доход которых был учтен при расчете суммы кредита, от личного страхования жизни либо при несоблюдении ими принятого на себя обязательства о непрерывном личном страховании жизни в течение всего срока действия кредитного договора – применяется при условии, что на дату подачи заявки на получение кредита заемщику и солидарным заемщикам не исполнится 65 лет и более.

**+5,00%** – при условии, что на дату подачи заявки на получение кредита заемщику и/или любому из солидарных заемщиков исполнится 65 лет и более

[1] Более подробную информацию об офисах, на которые распространяется действие условий предоставления кредита на срок свыше 5 лет, уточняйте в офисах Банка.

Вкладыш является неотъемлемой частью буклета, недействителен без буклета и должен распространяться только вместе с буклетом.

Информация действительна на 27 декабря 2018 года.

АО «Россельхозбанк».

Генеральная лицензия Банка России №3349 (бессрочная). Реклама.

**Целевое использование:**
кредитные средства могут быть использованы заемщиком на любые цели, не запрещенные законодательством Российской Федерации.

**Особые условия кредитования:**
- для клиентов, перечисляющих пенсию на счет в АО «Россельхозбанк», предусмотрены специальные условия кредитования;
- кредиты Банка предоставляются до достижения заемщиком 75-летнего возраста

**Валюта:** рубли РФ

**Минимальная сумма кредита:**
10 000 рублей (включительно)

**Максимальная сумма кредита:**
500 000 рублей (включительно)

**Срок кредита:**
до 60 месяцев (включительно)

**Привлечение созаемщиков:** допускается

**Комиссия за выдачу и сопровождение:**
не взимается

**Обеспечение:** не требуется

**Страхование:**
добровольное личное страхование заемщика/ созаемщиков (не является обязательным условием предоставления кредита и остается на усмотрение заемщика/ созаемщиков)

**Порядок погашения:**
ежемесячно дифференцированными или аннуитетными платежами (по выбору заемщика)

**Досрочное погашение:**
допускается полное или частичное досрочное погашение кредита без моратория и комиссий в любую дату

**Требования к заемщикам:**
- нахождение на пенсионном обеспечении
- возраст до 75 лет (включительно) на момент наступления срока окончательного возврата кредита;
- гражданство: Российская Федерация;
- регистрация на территории Российской Федерации;

**Необходимые документы:**
- паспорт гражданина РФ или иной документ, его заменяющий (в соответствии с требованиями Банка);
- пенсионное удостоверение или решение Пенсионного фонда РФ об установлении страховой пенсии и/или извещение о назначении страховой пенсии по старости;
- документы, подтверждающие доход (при желании учесть иные доходы заемщика/ созаемщиков в соответствии с требованиями Банка);
- иные документы в соответствии с требованиями Банка.

**Срок действия решения Банка:**
45 календарных дней

**Действие продукта:**
во всех подразделениях АО «Россельхозбанк»

[1] Более подробную информацию об офисах, на которые распространяется действие условий предоставления кредита на срок свыше 5 лет, уточняйте в офисах Банка

*А.ДИБИРОВА.*

Гьикъе - бицина

# Кинал бигьалъаби рихьизарун ругел?

«***Т1убанго бесдаллъараб ва санаде бахинч1еб лъимадуе х1укуматалъ кинал бигьалъаби рихьизарун ругел***?»

-Хьихьизе чи гьеч1ин абулеб пенсия лъимадуе ч1езабула пенсиялъул фондалъ. Гьеб мурадалда т1алаб гьарула хадусел документал: эбел-эмен хвеялъул х1акъалъулъ справкаби, хъизамалъул санаде рахинч1ел киналго лъимал гьариялъул х1акъалъулъ свидетельствоял, хъизамалъул ч1ах1иял чаг1азул паспортал, хварал эбел-инсул зах1маталъул книжкаби, гьезул бук1араб х1алт1удаса справкаби ва ахираб 60 моц1алъ гьезие щолеб бук1араб харжалъул х1акъалъулъ справкаби. Гьеб пенсия щвезе ккола эбел яги эмен хвараб къоялдаса нахъе ва лъимералъ 18 сон т1убазег1ан, гьоркьохъеб яги т1адег1анаб ц1алул заведениялда ц1алулеб бугони, 23 сон базег1ан. Гьеб гуребги, эбел яги эмен хвараб 18 сон т1убач1еб лъимадуе, пенсиялде т1аде бук1уна социалияб доплатаги. Гьеб мурадалда цо бут1а биччала федералияб бюджеталдаса, цоги бут1а –регионалияб бюджеталдаса. Бесдал лъимадуе кьолеб пособиялъул роцен бараб бук1уна г1умру гьабун бугеб регионалда.

«***Щибаб соналъ шагьаралъул школаздагун ясли-ахазда ремонталъулал х1алт1аби гьаризеянги абун бак1арула г1арац (500гъурущ). Исана абулеб буго 1000 гъурущ кьейилан. Дагьаб нахъа 1000 гъурущги бак1арула ручка-тетрадь босизелъунги. Х1укуматалъ биччалародай ясли-ахазегун школазе лажбар босизег1аги г1арац***?»

-**«Об образовании в РФ»** абулеб №273 федералияб законалда ч1ванкъот1ун бихьизабун буго ц1алул идарабазул нухмалъулез гьабизе бегьулелги бегьуларелги ишал.

**Х1укуматалъул бюджеталдаса биччала**:

1.Учительзабазе ва ясли-ахазул тарбиячаг1азе харжалъе кьезе г1арац.

2.Ц1алул т1ахьал, пособиял ва берзулал алатал росизе г1арац.

3. Ясли-ахазе ясик1аби росизе г1арац.

Бак1алъулаб администрациялда т1адаб буго ремонталъулал х1алт1абазе, спортивиял ва х1аязул майданал гьариялъе ва къач1аялъе г1арац биччазе. Умумуз ремонт гьабизелъун г1арац кьезе кколаро.

Законалда рекъон, щибаб ц1алул учреждениялъул сайталда бук1ине ккола г1арац кьезе кколелги кколарелги хъулухъазул сиях1. Закон хвезабилъун рик1к1уна ч1орого рук1ине кколин абун закониял нормабазда рихьизарун ругел хъулухъазухъ г1арац боси. Гьедин бугониги, цо-цо школазул директорзабаз, улбузул лъавукълъиялдаса пайдаги босун, кколебги кколаребги хъулухъалъухъ г1арац бак1арула.

Умумузухъа г1арац бак1аризе бегьуларо:

1. Ц1алул т1ахьазухъ.
2. Ремонталъухъ .
3. Мебель ва инвентарь босизе.
4. Сверухъ бак1 лъик1лъизабизе.
5. Стандарталъул сиях1алда ругел дарсазухъ.
6. Уборщицабазе ва хъаравулзабазе харжазе.

Г1арац кьезе кколаро контролиял х1алт1абазде ва экзаменазде лъимал х1адур гьаруралъухъги.

***Законалда рекъон школазда ва ясли ахазда г1арац бак1аризе ихтияр бук1унел хъулухъал:***

1. Школалъул программаялъул стандарталда бихьизабич1еб курс-дарс кьуралъухъ.
2. Ц1алул т1ехьалда бугелдаса т1адеги дарс малъаралъухъ, гьелда гьоркьобе уна репертиторлъиги.
3. Расписаниялда рихьизарун гьеч1ел, ай сурат бахъиялъул яги музыкалиял дарсал кьеялъухъ.

Щибаб ц1алул идараялъул ихтияр буго г1арац кьезе кколел хъулухъазул сиях1 ч1езабизе, амма гьеб бук1ине ккола гьелъул сайталда лъун.

Ц1алул идараялда, законги хвезабун, г1арац бак1арулеб бугони, т1оцебесеб иргаялда хит1аб гьабила гьелъул нухмалъулесде. Гьесухъа т1алаб гьабила кагътида хъвараб жаваб. Директорасул жавабалда рак1 рекъеч1они, хит1аб гьабизе ккола гор(рай)ОНОялде, администрациялде, полициялде, прокуратураялде, Лъайкьеялъул министерствоялде.

Законги хвезабун г1арац босулеб батани, г1айибиясе гьабула гьадинаб тамих1ги: ункъо соналде щвезег1ан х1алица х1алт1изе т1амула, бащдаб лъаг1алица туснахъ гьавула ва 80 азарго гъурщиде щвезег1ан г1ак1а къот1ула.

*"Х1акъикъат" газеталдаса (№31, 2019с.) босараб.*

Бетlерав редактор:
Мухтар Гlалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
Мухlамад-Шарип
Гlабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
Хlалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова

Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева

Верстка: Марьям Атавхlажиева,
Зайнаб Гlабдулмуслимова.

Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна
редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368140,
Индекс: 51354
Заказ №278 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола